



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 15/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANSANM AK GWROUP MEDYA SYRACUSE PRAL RIVALIZE  
NAN INOGIRASYON ONONDAGA CUP & LAKEFEST**

*Ekip yo pral fè kous pou sipòte Fondasyon Jim ak Juli Boeheim lan*

Gouvènè Andrew M. Cuomo ansanm ak Gwoup Medya Syracuse lan te anonse jodi a yon pari sou Koup Gouvènè a nan inogirasyon Onondaga Cup & LakeFest la. Pari sa a gen ladan'l ekip ki pèdi ya ap fè yon donasyon 1,000 dola bay Fondasyon Jim ak Juli Boeheim lan pou sipòte timoun defavorize yo nan New York Santral, epi bay lajan pou rechèch kont kansè ak pledwaye.

Koup Onondaga Cup & LakeFest la li pèmèt nou reviv tradisyon istorik epi li make pwemye selebrasyon kous kannòt nan Syracuse depi plis pase 20 lane. Gouvènè Cuomo pral dirije yon ekip ofisyèl administrasyon nan yon kannòt ki pou ywit moun, kont ekip ki genyen Tim Kennedy, ki se Prezidan Gwoup Medya Syracuse lan, Joanie Mahoney, ki se Chèf Ekzekitif Konte Onondaga, Juli Boeheim, ak lòt patisipan lokal yo. Kous la pral kòmanse nan Onondaga Lake Park a 11 a.m.

"Renesans Lak Onondaga a make yon chapit enpòtan nan istwa siksè Syracuse lan ak tout New York Santral," **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou òganize Koup Gouvènè a pou selebre renesans kous kannòt lan, nou ap rann omaj a yon tradisyon ki vin onorab avèk le tan, epi selebre espri kiltirèl ak istorik reyon sa. Mwen enpasyon pou'm patisipe nan kous dinamik sa, epi fini kòm premye ekip ki travèse liy final la."

"Koup Gouvènè a se yon gwo ajou nan inogirasyon Koup Onondaga Cup & LakeFest," **se sa Tim Kennedy, ki se Prezidan Gwoup Medya Syracuse lan, te deklare.** "Yon konpetisyon dinamik men ki amikal, se pral yon bon fason pou nou kòmanse jounen an pandan n'ap selebre lak lan epi sipòte travay enpòtan ke ni Fondasyon Jim ak Juli Boeheim, ni Kò Konsèvasyon Lak Onondaga an ap fè."

Koup Gouvènè a make pwemye evènman an nan yon seri aktivite k'ap dire tout jounen an nan Onondaga Cup & LakeFest. Jounen an pral gen ladan tou konkou rame kannòt, kayak ak bòd, ansanm ak yon festival ki ap genyen manje, bwason, tès diven ak anpil lòt bagay. Pi gwo kanna an kawoutchou nan mond lan – ki mesire 61 pye epi peze onz tòn – pral sou lak lan tou kòm yon pati nan evènman an.

Ekip varyete Inivèsite Syracuse lan te ranpòte Chanpyona Nasyonal Asosiyasyon Kous Rame Kannòt Entèkolejyal la nan lane 1978 ki te fèt sou lak vil natal yo a nan Konte

Onondaga. Nan lane 1990 yo, Kous Kannòt IRA la te al òganize nan vil Camden, N.J. Kounye a, Syracuse ap pote tradisyon an tounen atravè Koup Onondaga Cup & LakeFest lan.

*Remake: Medya ki enterese pou kouvri Koup Gouvènè a dwe rive nan Onondaga Lake Park pa pi ta pase 10:30 a.m.*

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418